



Pou Piblikasyon Imedya: 22/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY LÒD POU YO LIMEN ONE WORLD TRADE CENTER AK LÒT MONIMAN AN WÒZ POU SELEBRE SIYATI LWA SOU SANTE REPWODIKSYON AN

Foto flèch One World Trade Center a limen an wòz disponib [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay lòd pou yo limen flèch 408 pye One World Trade Center a, Pon Governor Mario M. Cuomo a, Pon Kosciuszko a ak Bilding Alfred E. Smith la nan Albany an wòz aswè a, 22 Janvyè, pou selebre siyati Lwa sou Sante Repwodiksyon an (Reproductive Health Act). Foto flèch One World Trade Center a limen an wòz aswè a disponib [isit la](#).

“Lwa sou Sante Repwodiksyon an se yon viktwa istorik pou Nouyòkè yo ak pou prensip pwogresis nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Devan lentansyon gouvènman federal la pou li anile Roe v. Wade ak dwa fanm yo nan zafè repwodiksyon, mwen te pwomèt nou t ap pwomilge lejislasyon esansyèl sa a disi 30 premye jou yo nan nouvo sesyon an - epi nou fè l. Mwen bay lòd pou yo limen moniman New York yo an wòz pou selebre akonplisman sa a epi klere yon gwo limyè devan pou rès nasyon an kapab suiv.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)